

KOMINIKE

Kolektif Nou Pap Dòmi vle anonse tout zanmi laprès, tout kanmarad militan petrochallenger k ap goumen pou jwenn pwosè petwo karibe a, madi k ap 10 desanm 2019 la, Emmanuela Douyon, yon manm kolektif la, ap vwayaje Washington pou reprezante li nan yon lodyans komisyon zafè letranje Kongrè Ameriken a ap òganize pou evalye politik peyi Etazini nan peyi Dayiti, nan kontèks gwo kriz malouk n ap viv jounen jodi a.

Kongrè Ameriken an òganize lodyans sila a pou tande vwa kèk moun nan sosyete sivil ayisyen an ki nan batay kont koripsyon ak vyolasyon dwa moun. Se nan lojik sa a Kolektif Nou Pap Dòmi resevwa envitasyon pou fè pati delegasyon twa (3) sitwayen Kongrè a ap gen pou tande sou ka Ayiti a.

Nan kad lodyans sila a reprezantan Nou Pap Dòmi an ap gen pou li ekspoze sans, pètinans ak pozisyon sitwayen nan batay kont koripsyon k ap mennen nan kad Petrochallenge lan, masak ki fèt nan divès katye nan kad batay sa a, sitou nan katye Lasalin, e tou egzijans tout sektè nan sosyete a fè pou Jovenel Moise demisyone akòz enplikasyon li nan koripsyon, masak kont sitwayen ayisyen ak enkonpetans li ak gouvènman ilegal li a ki mennen peyi a nan kawo sa.

Emmanuela Douyon ap pwofite vwayaj sa a tou pou li patisipe nan divès lòt rankont kote li pral eskpoze reyalyte, siyifikasyon ak enpòtans batay kont koripsyon an genyen pou peyi a.

Nou Pap Dòmi renouvle angajman li pou batay ansanm ak tout sitwayen onèt ki vle yon Ayiti kote jistis sosyal blayi pou tout pitit peyi a.

Vikwa se pou pèp k ap batay !

Demisyon. Pwosè. Prizon. Restitasyon. Tranzisyon4R.